

Akomodasyon 504: Gid pou Elèv ak Fanmi

Atik 504 Lwa sou Reyabilitasyon an egzije lekòl piblik yo pou yo ofri sèvis ak akomodasyon pou elèv andikape ki elijib yo. Sèvis sa yo ede elèv ki gen bezwen espesyal nan zafè sante patisipe nan tout aspè lekòl la. Gid sa a eksplike kiyès ki kalifye pou akomodasyon, kijan pou aplike epi kijan yo devlope plan akomodasyon yo.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Atik 504 la sou sitwèb Depatman Edikasyon (DOE) a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon tou lè w kontakte Kowòdonatè 504 lekòl ou a.

Ki Elèv ki Kalifye pou Akomodasyon 504 yo?

Elèv yo kalifye si:

1. Yo gen yon twoub fizik oswa mantal epi yo pa gen yon IEP.
2. Twoub la limite nan yon fason konsiderab omwen yon aktivite kotidyen enpòtan.

1. Twoub Fizik oswa Mantal

Kèk egzanp twoub fizik oswa mantal yo se andikap fizik, pwoblèm sante, twoub mantal ak andikap pou aprantisaj.

- **Twoub pandan yon ti tan ki kout** (tankou yon janm kase) ka kalifye yon elèv pou akomodasyon 504. Sa depann de tip twoub la, konbyen tan li dire epi ki nivo gravite l.
- **Twoub epizodik** (tankou opresyon) ka kalifye yon elèv pou akomodasyon 504. Elèv yo kalifye si twoub la limite nan yon fason konsiderab yon aktivite kotidyen enpòtan lè li aktif.

2. Egzanp Aktivite Kotidyen Enpòtan

- | | | |
|--------------------|------------|------------------------|
| • Pran swen tèt ou | • Manje | • Konsantre |
| • Mache | • Dòmi | • Reflechi |
| • Wè | • Kanpe | • Kominike |
| • Tande | • Soulive | • Aprann |
| • Pale | • Bese | • Travay |
| • Respire | • Fè Lekti | • Fè travay avèk men w |

Èske pitit ou a gen yon twoub ki anpeche l fè youn nan aktivite kotidyen nou site anwo la a? Si wi, pitit ou a ka kalifye pou akomodasyon selon Atik 504 la. Depi yo soumèt fòmilè apwopriye yo bay lekòl la, yo analize ka chak elèv endividyèlman.

Ki Akomodasyon ki Disponib pou Elèv ki Elijib selon Atik 504 la?

Pitit ou a ka elijib pou sèvis sante, akomodasyon pedagojik oswa toulède.

- **Sèvis sante** se pou elèv ki bezwen pran medikaman (tankou ensilin) oswa resevwa yon tretman enfimye espesyal pandan li lekòl. Pou sèvis sa yo, tanpri soumèt [Fòmilè Administrasyon Medikaman \(MAF\) korespondan an](#) oswa [Fòmilè Tretman ke Doktè Preskri a](#) bay lekòl pitit ou a.
- **Akomodasyon pedagojik** se pou elèv ki bezwen akomodasyon nan batiman, nan salklas oswa pandan egzamen yo. Pa egzanp, elèv ki gen pwoblèm tandè ka bezwen chita pre tablo a. Gen lòt elèv ki ka bezwen pran ti poz oswa ki ka bezwen tan adisyonèl pou pran egzamen yo. Pou akomodasyon sa yo, tanpri soumèt [Demann pou Akomodasyon Atik 504 yo](#), [Analiz Medikal pou Akomodasyon 504 yo ak fòmilè HIPAA a](#) bay Kowòdonatè 504 lekòl ou a.

Kijan pou m fè pou m Mande Akomodasyon yo?

Ranpli yon fòmilè [MAF](#), [Fòmilè Tretman ke Doktè Preskri a](#) ak/oswa [Fòmilè Demann pou Akomodasyon Atik 504 yo](#). Tout fòmilè yo sou paj fòmilè sante lekòl la sou sitwèb DOE a. Ou ka mande Kowòdonatè 504 lekòl ou a fòmilè yo tou.

Retounen fòmilè ou ranpli yo bay Kowòdonatè 504 lekòl ou a. Tout fòmilè medikaman oswa tretman medikal yo pral jwenn enfimiyè lekòl la/pwofesyonèl medikal lekòl la ki nan batiman an. Pou Akomodasyon Pedagojik yo, Kowòdonatè 504 la pral kontakte w pou planifye yon rankont nan yon delè 30 jou apati demann inisyal ou a. Nan rankont la, Ekip 504 lekòl la pral analize demann ou an ak lòt enfòmasyon enpòtan sou pitit ou a. Ekip 504 la pral deside si pitit ou a elijib pou akomodasyon. Yo pral deside tou ki akomodasyon ki pi apwopriye.

Kiyès ki Dwe Ale nan Rankont sou Akomodasyon Pedagojik 504 la?

Se moun ki konn kapasite pitit ou a k ap patisipe nan rankont 504 la. Yo konprann enfòmasyon ke y ap analize yo epi yo konn tip akomodasyon ki ka reponn ak bezwen pitit ou a. Nou toujou envite paran yo patisipe nan rankont lan.

Rankont 504 la dwe gen ladan l omwen de moun ki ka:

- **Pale de kapasite ak konpetans pitit ou a.** (Pwofesè oswa konseye pedagojik pitit ou a ka patisipe.)
- **Entèprete rapò oswa evalyasyon yo.** (Travayè sosyal oswa enfimiyè lekòl la ka patisipe.)
- **Pataje enfòmasyon sou akomodasyon ki ka reponn ak bezwen pitit ou a.** (Kowòdonatè 504 la ka patisipe.)

Ki Enfòmasyon yo Analize nan Rankont la?

Ekip 504 la pral analize enfòmasyon ki dekri kapasite ak bezwen pitit ou a. Enfòmasyon yo ap soti nan kèk sous ki diferan. Ekip la ka analize tès, obsèvasyon, echantiyon travay, kanè lekòl ak dosye medikal pitit ou a. Sa ap ede ekip la konprann kapasite, reyalizasyon, konpòtman ak bezwen nan zafè sante pitit ou a. Paran yo ak pèsònèl lekòl la ka pote tout enfòmasyon yo panse ki pi byen dekri kapasite ak bezwen pitit ou a.

Dyagnostik ak Sigjesyon Doktè Pitit Ou a

Doktè pitit ou a dwe konplete Analiz Medikal la pou Akomodasyon 504 yo. Doktè a ka sigjere ke lekòl la founi kèk akomodasyon. Ekip 504 la pral deside si akomodasyon yo sigjere yo apwopriye epi kijan pou yo bay yo nan lekòl la.

Kijan yo Detèmine Elijibilite a?

Ekip 504 la pral evalye si twoub pitit ou a limite nan yon fason konsiderab yon aktivite kotidyen enpòtan. Yo pral pran desizyon sa a selon enfòmasyon ke yo te analize nan rankont la. Ekip 504 la pral evalye si twoub pitit ou a gen yon enpak konsiderab sou pèfòmans oswa patisipasyon pitit ou a lekòl.

Èske Pitit Mwen An Ka Resevwa Sèvis Konèks Yo Avèk yon Plan 504?

Non. Pitit ou a pa **ka** resevwa sèvis konèks yo atravè yon plan 504. Egzanp sèvis konèks yo se terapi fizik, terapi lapawòl ak sèvis konsèy. Si pitit ou a sanble li bezwen youn nan sèvis sa yo, Ekip 504 la pral refere pitit ou a bay Komite sou Edikasyon Espesyal lekòl la oswa distri a.

Èske Pitit Mwen An Bezwen yon Plan 504 pou Akomodasyon Sante/Medikal?

Se pa tout elèv ki bezwen sèvis sante nan lekòl la ki bezwen yon Plan 504. Si sèvis sante pitit ou a pa afekte kapasite pitit ou a pou l patisipe nan tout aspè lekòl la, kidonk li pa bezwen yon plan 504.

- **Egzanp 1:** yon elèv ki souffri dyabèt (ki fè sik) verifye nivo ensilin li de fwa chak jou nan biwo enfimye a. Li pa bezwen okenn lòt sipò oswa akomodasyon.
 - **Elèv sa a pa bezwen yon Plan 504.**
- **Egzanp 2:** yon elèv ki souffri dyabèt (ki fè sik) bezwen pran ensilin a dè moman byen presi pandan jounen lekòl la. Sa tonbe nan lè klas la, kidonk pafwa li bezwen fè travay ratrapaj. Li bezwen pran ti poz pou al nan twalèt epi gen aksè ak ti goute tou.
 - **Elèv sa a bezwen yon Plan 504.**

Kijan yo Devlope Akomodasyon yo?

Ekip 504 la deside ki akomodasyon k ap reponn pi byen ak bezwen pitit ou a. Ekip la evalye tip pwoblèm pitit ou a genyen an ak nivo gravite l. Yo pral chwazi akomodasyon ki pral bay pitit ou a yon chans egal pou l patisipe lekòl.

Kou yo detèmine ke Pitit mwen an Elijib, èske Pitit mwen an Ap Toujou Elijib pou Akomodasyon?

Non. Ekip 504 la dwe renouvle Plan 504 yo chak ane. Jeneralman, sa fèt nan fen chak ane eskolè. Lè renouvèlman anyèl la ap fèt, Plan 504 pitit ou a ka chanje si li nesesè.

Si twoub pitit ou a kontinye limite patisipasyon pitit ou a lekòl nan yon fason konsiderab, pitit ou a ap rete elijib pou akomodasyon. Si yo deside ke twoub pitit ou a pa kontinye limite kapasite l nan yon aktivite kotidyen enpòtan nan yon fason konsiderab, pitit ou a pa elijib pou akomodasyon ankò (yo sispann Plan 504 la).

Ki Kalite Kominikasyon Mwen Pral Resevwa?

Lekòl yo pral kominike avè w sou politik NYC DOE a sou Atik 504 la. Tout lekòl yo afiche epi pataje Avi Non-Diskriminasyon selon Atik 504 la.

Si ekip 504 la deside ke pitit ou a kalifye pou akomodasyon 504 yo, w ap resevwa:

- **Yon Avi Elijibilite ak yon Plan 504.** Plan 504 la ap di w ki akomodasyon lekòl ou a rekòmande pou pitit ou a. Wap gen dis jou pou analize epi bay akò w pou plan 504 la. Si w pa dakò ak desizyon lekòl ou a, pale avèk Direktè Sante Sant Sipò Souplas la. Lekòl la ap ba w enfòmasyon kontak yo.
- **Yon Avi Nouvo Otorizasyon Anyèl.** Lèt sa a ap di w demach ou dwe fè pou fè renouvle plan 504 pitit ou a pou pwochen ane lekòl la.

Èske w gen Kesyon Adisyonèl?

- Kontakte Kowòdonatè 504 lekòl ou a.
- W ap jwenn plis enfòmasyon sou akomodasyon yo sou sitwèb DOE a.